Pou Piblikasyon Imedya: 31/07/2019 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ 1.1 MILYA DOLA, 15 ANE POU PWOLONJE VI OPERASYONÈL PI GWO SANTRAL ELEKTRIK ETA A: PWOJÈ ELEKTRISITE NIAGARA A

Youn nan pi gwo pwojè kapital nan istwa New York dirèkteman sipòte 200,000 djòb ak 17 milya dola nan envestisman kapital

Modènize pi gwo pwodiktè enèji pwòp nan New York ede New York atenn objektif netralite kabòn ak enèji pwòp

Pwojè Elektrisite Niagara founi 10 pousan nan enèji Eta New York

Gade foto santral la ak videyo pwojè modènizasyon ak nimerizasyon pwochen jenerasyon Niagara

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ap lanse yon pwogram modènizasyon ak nimerizasyon 15 ane pou seryezman pwolonje vi operasyonèl Pwojè Elektrisite Niagara a, pi gwo sous elektrisite pwòp nan Eta New York ak youn nan pi gwo pwojè idwo-elektrik nan peyi a. Pwogram pwolongasyon lavi ak modènizasyon an, yo rele l "Pwochen Jenerasyon Niagara" (Next Generation Niagara), santre sou Santral Elektrik Niagara Robert Moses, prensipal enstalasyon pwodiktè nan pwojè Niagara a. NYPA konte envesti 1.1 milya dola nan pwojè a, pou rann li youn nan aktivite enfrastrikti resan ki pi anbisye nan eta a. Pwochen Jenerasyon Niagara pral ede Gouvènè Cuomo reyalize objektif agresif enèji pwòp li yo pou travèse eta a elektrisite ki 100 pousan san kabòn apati 2040 epi sèvi kòm yon fòs santral pou pwovizyon previzyonèl nan Lwa Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominote, ki istorik, Gouvènè Cuomo a te siyen pou vin lwa resaman.

"Pwojè Elektrisite Niagara se pi gwo sous elektrisite pwòp pou New York epi pwojè modènizasyon sa a pral pèmèt li kontinye ap fonksyone pou yon lòt 50 ane", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Envestisman ekstra-òdinè sa a rete yon pati vital nan plan lidè nan nasyon nou an pou dekabonize sistèm enèji elektrik New York la apati 2040 epi li pral kontinye ofri konpayi k ap bay djòb atravè eta a ak enèji pwòp, a ba pri."

"Envestisman konsiderab sa a, youn nan pi gwo pwojè kapital nan istwa eta a, pral kontinye operasyon Pwojè Elektrisite Niagara ki istorik", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Pwojè sa a pral sipòte plizye santèn milye travay, epi avanse objektif agresif nou yo pou enèji pwòp. Modènizasyon pi gwo santral elektrik eta nou an kontinye efò nou yo pou konbat chanjman klimatik epi asire yon anviwònman ki pi pwòp ak pi vèt kounye a ak nan fiti."

Amelyorasyon yo pral enkli ranplase ekipman k ap vyeyi ak machinri ki pi resan yo ki reflete teknoloji dijital yo pou optimize pèfòmans pwojè idwo-elektrik lan. Pwojè a pral garanti fiti lontèm santral la kòm yon pwodiktè enèji pwòp ki estimile devlopman ekonomik nan Rejyon Lwès New York ak atravè eta a gras ak pwogram akòde enèji a ba pri, sa enkli pwogram ReChargeNY Gouvènè Cuomo a. Pwojè Niagara, atravè pwogram sa yo, sipòte dirèkteman plis pase 200,000 travay ak 17 milya dola nan envestisman kapital. Pwochen Jenerasyon Niagara pral sipòte tou apeprè 60 travay konstriksyon sendika pandan dire pwojè a.

Konsèy Administratè NYPA a te apwouve envestisman kapital konsiderab sa a nan pwojè Niagara a, ki te kòmanse opere an 1961, pandan reyinyon li an nan dat 30 Jiyè. Envestisman 1.1 milya dola rann Pwochen Jenerasyon Niagara pi gwo pwojè kapital nan istwa NYPA.

Inisyativ lan pral enkli kat faz enpòtan ki pral asire yon operasyon sekirize, fyab kontini pou deseni k ap vini yo epi pral modènize santral vedèt NYPA pandan Otorite Enèji avanse objektif li pou l vin premye sèvis nimerik konplè nan nasyon an. Kat faz yo enkli yon enspeksyon global nan kondwit fòse nan santral Robert Moses; renove gri 630 tòn ki pèmèt travay mekanik nan santral la; modènize ak nimerize sistèm kontwòl yo; epi konstwi yon nouvo chanm kontwòl de rechanj epi ranplase pyès mekanik ki te atenn fen vi operasyonèl yo. Yo etabli travay la pral kòmanse pita nan ane sa a.

Prezidan NYPA, John R. Koelmel te deklare, "Kòm non Pwochen Jenerasyon Niagara sijere, NYPA ap chache asire enèji pwòp a ba pri Pwojè Elektrisite Niagara kontinye elektrifye ekonomi enèji pwòp New York lan nan tan fiti. Pwojè sa a se yon pwolonjman natirèl jerans atantif NYPA ofri pou tout byen pwodiksyon ak transmisyon nan tout eta a epi angajman nou pou sipòte vizyon Gouvènè Cuomo pou yon fiti san kabòn nan Eta New York".

Gil C. Quiniones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA, te deklare, "Pwochen Jenerasyon Niagara se pwojè ki pi gwo ak pi konplè nan kesyon modènizasyon ak nimerizasyon yo janm antreprann bò kote NYPA. Santral Elektrik Niagara Robert Moses se yon eleman enpòtan nan kapasite ekzistan elektrisite renouvlab New York, epi nou angaje pou n jwe yon wòl lidèchip lè nou kenbe ak devlope kantite elektrisite san kabòn nou founi bay gwo eta nou an".

Senatè Kevin S. Parker, Prezidan Komite Enèji Sena a, te deklare, "Plan Gouvènè Cuomo a pou ogmante vi operasyonèl Pwojè Elektrisite Niagara pral ogmante sous enèji pwòp nou epi kreye opòtinite adisyonèl pou travay ekolojik pou Nouyòkè. Mwen aplodi angajman Gouvènè Cuomo pou konbat chanjman klimatik epi asire yon fiti enèji pwòp pou Eta New York".

Senatè Robert Ortt te deklare, "Pwojè Elektrisite Niagara se pi gwo sous enèji renouvlab ak pwòp nan tout eta a epi li se yon resous nou ta dwe kontinye maksimize. Si pou n eksplwate omaksimòm resous natirèl inik sa a ki chita nan rejyon nou an, nou dwe envesti nan enstalasyon Pwojè Elektrisite Niagara epi modènize ekipman li yo pou nou kapab kontinye kapitalize sou enèji pwòp ak fyab sodo yo pwodwi. Envestisman 1.1 milya dola yo pwopoze a pral fè yo pwolonje lavi Pwojè Elektrisite Niagara pou deseni k ap vini yo epi ak li - benefis konsiderab atravè rejyon nou an".

Manm Asanble a Angelo Morinello te deklare, "Mèsi Gouvènè Cuomo ak NYPA pou vizyon ou pou envesti nan Pwojè Elektrisite Niagara pou li ka kontinye sèvi kòm yon lidè nan enèji pwòp renouvlab epi yon modèl pou monn lan. Pwojè Elektrisite Niagara pral pwodwi enèji pwòp san li pa kite pyès anprent kabòn lè li itilize resous natirèl Bondye te ba nou".

Majistra Niagara Falls, Paul Dyster te di, "Lye nesans elektrisite idwo-elektrik pwòp, Pwojè Elektrisite Niagara te etabli estanda kòm youn nan santral elektrik lidè nan nasyon an. Anba lidèchip ak angajman Gouvènè Cuomo pou anviwònman natirèl la, Pwojè Elektrisite Niagara pral kontinye rete lidè nan wout lan nan eksplwate resous ekolojik, renouvlab ak sèvi kòm yon ekzanp briyan pou lòt moun nan tout monn lan ke objektif vital ki te etabli nan Estanda Enèji Pwòp Gouvènè a pa sèlman fezab, men yo reyèlman posib".

NYPA posede ak opere tou anviwon yon tyè nan liy kouran wo vòltaj nan New York. Liy sa yo transmèt kouran soti nan twa gwo etablisman pwodiksyon idwoelektrik NYPA yo, sa enkli santral vedèt li nan Niagara, ak etablisman pwodiksyon enèji van an, pandan li konekte prèske 7,000 megawat enèji renouvlab nan rezo elektrik Eta New York la. Sa genyen ladann plis pase 6,200 megawat enèji idwoelektrik ak anviwon 700 megawat, oswa plis pase yon tyè, nan enèji ewolyèn Eta New York pwodwi nan rezo a.

Konsènan Pwojè Elektrisite Niagara
Alaswit efondreman Santral Elektrik Niagara Mohawk Schoellkopf an 1956, epi eliminasyon plizyè dizèn milye travay nan rejyon Niagara epi prèske 25 pousan nan baz enpo vil lan, Komisyon Enèji Federal la (Federal Power Commission) te bay yon pèmi an 1957 a Otorite Enèji New York pou rekonstwi elektrisite idwo-elektrik Niagara Falls lan. Otorite Enèji a te anplwaye 11,700 travayè epi nan twa ane, 12 milyon pye kibik wòch te ekskave. Efò titan sa a te mennen a konstriksyon yon estrikti prensipal masif ki gen 1,840 pye longè, 580 pye lajè ak 384 pye wotè. Lè Pwojè Elektrisite Niagara te pwodwi premye elektrisite li an 1961, li te pi gwo enstalasyon idwo-elektrik nan monn oksidantal la epi Prezidan John F. Kennedy te rele li, "yon ekzanp pou monn lan nan kesyon efikasite ak detèminasyon Ameriken nan Nò". Apre 60 ane operasyon epi li jwenn yon nouvo pèmi federal pou operasyon 50 lane an 2007, Pwojè Elektrisite Niagara rete bijou a nan enfrastrikti enèji nan New York.

Enfòmasyon sou NYPA
NYPA se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, yo ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 70 pousan nan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi eta. Li finanse operasyon li yo apati lavant obligasyon ak revni li resevwa an gran pati atravè lavant elektrisite yo. Pou plis enfòmasyon ale sou http://www.nypa.gov spi suiv nou sou Twitter @NYPAenergy, Facebook, Instagram, Tumblr ak LinkedIn.

Nouvo Akò Ekolojik (Green New Deal) Eta New York la
Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Andrew M. Cuomo a se pwogram kont chanjman klimatik ki pi agresif nan nasyon epi li mete eta sou yon wout pou l konplètman net sou plan degajman kabòn atravè tout sektè ekonomi an, ki gen ladan pwodiksyon enèji, transpò,

bilding, endistri ak agrikilti. Pwogram Gouvènè a tabli tou yon objektif pou atenn yon sektè pwodiksyon elektrisite ki gen zewo degajman kabòn apati 2040, pi rapid pase tout lòt eta nan nasyon an. Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) ke yo te adopte resamman egzije divès nan objektif enèji pwòp anbisye ki nan Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè a: enstale nèf jigawat enèji ewolyèn sou zòn kot yo apati 2035; sis jigawat enèji solè ki distribiye apati 2025 ak twa jigawat estokaj enèji apati 2030.

CLCPA a mande tou pou fè yon tranzisyon ki òdone epi ki ekitab pou ale nan enèji pwòp yo, sa ki ap kreye travay pandan ke li ap favorize yon ekonomi ekolojik. Li ap ajoute sou ogmantasyon enèji pwòp san presedan New York yo ki gen ladan envestisman 2.9 milya dola nan 46 pwojè enèji renouvlab a gran echèl yo atravè Eta a, kreyasyon plis pase 150,000 pòs travay nan sektè enèji pwòp New York la, ak 1,700% kwasans nan sektè enèji solè ki distribye a depi 2012. CLCPA pase enstwiksyon tou pou ajans ak otorite Eta New York yo travay an kolaborasyon ak pati ki konsène yo pou devlope yon plan pou redwi degajman gaz a efè sèr yo a 85% soti nan nivo ane 1990 yo apati 2050, epi travay pou atenn yon objektif pou envesti 40 pousan nan resous enèji pwòp ak efikasite enèjetik yo pou benefisye a kominote ki dezavantaje yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU